



# **Dis (10) Pwochen Lane K Ap Vini yo: 2020-2030**

## **Plan Estratejik**




*Rapò Zyèn Anè a*





# TAB MATYÉ

5	Yon Mesaj Sipèrentandan an voye
6	Rankontre Konsèy la
8	Pwochen Dis Lane yo: Apèsi pou ane 2020-2030
10	Modèl Lojik
12	Sa se NBOE
16	Reyisit Elèv
20	Jounen Elèv Senior
22	1ye Pwiyorite: Sistèm ki Inifye epi ki Aliyen
42	2yèm Pwiyorite: Yon Kad ki Solid epi ki Apwopriye pou Pwogram Etid la ak Ansèyman an
74	3yèm Pwiyorite: Yon Kilti ki Baze sou Pwen Fò epi ki Reyaktif
94	4yèm Pwiyorite: Aprantisaj Kontini pou Tout Moun
114	5yèm Pwiyorite: Sistèm Sipò ki Entegre
132	6yèm Pwiyorite: Bonjan Paternarya Resipwòk
150	Pwofesè de Lane
152	Vizit Sekretè Adjwen Edikasyon an
159	Remèsiman



# YON LÈT

## SIPÈRENTANDAN AN VOYE



Bay Onorab Manm Konsèy Edikasyon Newark la, Reprizantan ki Eli yo, Anplwaye yo, Paran yo, Elèv yo, ansanm ak tout Kominote Lekòl Newark la.

Pandan twa lane ki sot pase yo, nou te rive fè pwogrè ki remakab nan aplike estrateji ki dekri yo nan plan estratejik 10 lane istorik nou an, Dis Pwochen Ane yo: 2020-2030. Nan moman nou te lanse l la, nou te byen konsyan de enpòtans istorik plan estratejik la genyen an, ansanm ak nivo gravite ki genyen nan travay k ap tann nou an. Konfòmman ak etap ak delè ki entegre nan Dis (10) Pwochen Lane K Ap Vini yo 2020-2030, se yon onè pou m pataje Rapò Twa Lane nou an ki reflekte kontribisyon kolektif Kominote Lekòl Newark la pote yo.

Malgre nou gen anpil travay pou n fè, epi enpak pandemi an reyèl, sa pa t rive ebranle detèminasyon n genyen pou n kontinye fè yon travay ki ekstra-òdinè. Aksyonè yo ki gen kòm responsablite pou ede nou elabore ak aplike plan sa gen anpil bagay pou yo selebre. Plan estratejik la gen sis priyorite ansanm ak 35 estrateji, yo tout fonde sou senk Valè Debaz distri nou an. Mizajou pandan 1ye, 3yèm, 5yèm, 7yèm, ak 10yèm ane yo esansyèl pou misyon pou n transfòme distri lekòl sa a. Sa se Rapò Twazyèm Lane a ki pral ba tout moun yon mizajou sou pwogrè n rive fè jiskaprezan.

Nou pa ase mo pou n dekri gwo jefò ak pèsèverans jeneral pakèt anplwaye, elèv, paran, manm kominotè, ansanm ak patnè yo kote travay yo reflekte nan rapò sa a. Difikilte nou rezoud yo ansanm ak obstak nou simonte yo temwanyen detèminasyon an ansanm ak jefò ilimite Kominote Lekòl Newark la. Nan sikonstans ki jeneralman difisil yo, nou, kòm toujou, te rive jwenn yon mwayen pou n pèsèvere ak pou n pèmèt timoun Newark yo jwenn edikasyon ekselan yo merite a.

Travay ki dekri nan rapò sa mete aksan sou pwogrè n fè pa rapò ak priyorite, estrateji, ak delè ki defini nan Dis (10) Pwochen Lane K Ap Vini yo: 2020-2030. Dokiman sa bay lektè nou yo yon apèsi enpòtan sou fason n ap aplike plan estratejik sa fidèlman jiskaprezan. Mwen enpasyon de pwogrè n ap fè pou n rive reyalize objektif komen yo ki konsène plan estratejik la ansanm ak mizajou ekstra-òdinè yo ki pral prezante nan Rapò Senkyèm Ane a an 2025.

Sensèman,

Roger Leon  
Sipèrentandan



**Konsèy Edikasyon Newark**

# MEET THE BOARD

A man with a shaved head, wearing a dark blue suit, a light blue shirt, and a blue patterned tie.

**DANIEL  
GONZALEZ**  
MANM KONSÈY LA

A woman with short dark hair, wearing a dark blue blazer and a matching skirt, with a necklace.

**FLOHISHA  
JOHNSON**  
MANM KONSÈY LA

A woman with dark hair pulled back, wearing red-rimmed glasses, a dark blue blazer over a white top, and dark pants, with large hoop earrings and a bracelet.

**A'DORIAN  
MURRAY-THOMAS**  
MANM KONSÈY LA

A woman with long, curly dark hair, wearing glasses, a dark blue blazer, and dark pants.

**VERELIZ  
SANTANA**  
KO-VISPREZIDAN

A woman wearing a blue hijab and a blue dress, smiling.

**DAWN  
HAYNES**  
PREZIDAN



**ASIA J.  
NORTON**

KO-VISPREZIDAN

**JOSEPHINE C.  
GARCIA**

MANM KONSÈY LA

**HASANI K.  
COUNCIL**

MANM KONSÈY LA

**CRYSTAL  
WILLIAMS**

MANM KONSÈY LA

# Konsèy Edikasyon Newark la

*Dis (10) Pwochen Lane K Ap Vini yo: 2020-2030*  
Plan Estratejik

Dis (10) Pwochen Lane K Ap Vini yo: 2020-2030 se yon fèy de wout konplè ki oryante priyorite ak estrateji yo ki pral ede nou pi byen reyalize misyon ak vizyon nou pandan 10 pwochen ane k ap vini yo. Li entegre pakèt ekspètiz ak ide aksyon yo ki reprezante divèsite kominote, lekòl, ak patnè nou yo ansanm ak analiz done elèv, lekòl, ak distri a. Elaborasyon **Klarite NPS 2020 (NPS Clarity 2020)**, e kounya *Dis (10) Pwochen Lane K Ap Vini yo: 2020-2030*, se egzanp kòman yon plan estratejik dwe apiye sou youn lòt. Toude plan yo sentetize ak entegre estrateji elèv, paran, direktè, anplwaye egzekitif, manm kominote, ansanm ak patnè yo pou pèmèt nou vin tounen yon distri lekòl klas mondyal. Plan nou an gen ladan l misyon nou, vizyon nou, valè debaz nou yo, yon teyori aksyon, priyorite, ansanm ak estrateji epi li etabli metodoloji ki pral pèmèt nou kontinye evalye ak mezire pwogrè nou.

## MISYON

Misyon nou se founi yon pwogram ansèyman ki solid sou plan akademik epi ki adapte sou plan kiltirèl ki prepare chak elèv pou reyisit epi ki devlope konesans, ranfòse pèsonalite, kiltive kreyativite, epi ki ankouraje lidèchip.

## VIZYON

Vizyon nou se devlope yon nouvo eko-sistèm edikatif ki founi yon edikasyon ki nan klas mondyal pou tout timoun nan Newark.

## TIMOUN KI NAN SANT LAN

Tout timoun se yon jeni men se nou menm ki gen responsablite pou n konsidere rèv yo ak bezwen yo nan tout desizyon n ap pran.



# VALÈ DEBAZ YO

## ANGAJMAN NAN EKSELANS

Nou pran angajman pou n pote amelyorasyon kontini, estratejik, inovan epi ki baze sou rechèch pou nou kapab demontre ekselans nan tout nivo òganizasyon an.

## RELASYON RESIPWÒK

Nou founi opòtinite pou kolaborasyon ki pote fwi anndan òganizasyon ak odela de sa a sa ki favorize reyisit elèv la.

## KILTIVE AJANS

Nou bay elèv yo mwayen pou yo kapab defann tèt ak pou yo defann lòt moun.

## EKITE


Nou deranje e rekonstwi tout pratik, politik, distribisyon resous, ak sistèm ki sèvi obstak nan opòtinite pou tout moun.

# KLARITE NPS 2020

**Kle pou 2020 yo**

- Edikasyon Siperyè
- CC&TE  
Fakilte, Karyè, ak Fòmasyon Teknik
- Fondasyon; Patnè Komèsyal
- Adilt ak Edikasyon Altènatif
- Lekòl Segondè Magnet ak Lekòl Segondè Konplè
- Lekòl Elemantè ak Sant pou Preparasyon Anfans
- Elèv ki Douwe epi ki Gen Talan
- Aktivite Ant Lekòl ak Eksperyans Pwolonje nan Salklas
- Òganizasyon Kominotè ak Òganizasyon Relijye
- Responsab ki Eli yo
- Sèvis Sosyal
- Paran Fanmi Elèv Kominote

Re-envesti      Re-eveye      Retounen



**Moun ki Chanje Jwèt la**

- Asosiyasyon Ansyen Elèv; Fòmasyon; Rezo
- Estaj; Travay
- Aksè nan Fakilte; Kredi nan Fakilte; Doub Enskripsyon; Aprantisaj; Mantora; Sètifikasyon Endistriyèl
- Aksè nan Edikasyon Siperyè
- Aksè nan Lekòl Segondè; Sèvis Entegre
- Aksè nan pwogram Preparasyon Anfans; Swen Avan Akouchman; Swen Sante; Gadri

Chèche      Reflechi      Reponn

# MODÈL Lojik

Modèl lojik Klarite NPS 2020 an reprezante nouvo eko-sistèm edikatif Distri a ap devlope a pou l kapab asire ke tout timoun yo jwenn aksè ekitab ak tout opòtinite yo ansanm ak resous yo bezwen pou yo viv yon vi ki enpòtan, pwodiktif, epi dirab.

Kle 2020 yo ki nan bò goch modèl lojik la se tout resous, opòtinite, eksperyans, ansanm ak aksyonè Distri a pral òganize pou l kreye yon nouvo eko-sistèm pou elèv nou yo.

Moun ki Chanje Jwèt yo ki sou bò dwa modèl lojik la reprezante estrateji ak mwayen Distri a pral itilize pou l akselere aksè, ekspozisyon, ak eksperyans elèv yo sa ki pral pouse yo vè lavan.

Pati mitan modèl lojik la reprezante pwogresyon akademik timoun yo nan nouvo eko-sistèm edikatif la. Li defini tranzisyon esansyèl ki fèt nan edikasyon timoun yo.

*An n al Travay!*



# SA SE NBOE


MISYON LEKÒL PIBLIK NEWARK YO SE FOUNI YON PWOGRAM ANSÈYMAN KI SOLID SOU PLAN AKADEMIK EPI KI ADAPTE SOU PLAN KILTIRÈL KI PREPARE CHAK ELÈV POU REYISIT EPI KI DEVLOPE KONESANS, RANFÒSE PÈSONALITE, KILTIVE KREYATIVITE, EPI KI ANKOURAJE LIDÈCHIP.

**62**  
Lekòl


PRE-MATÈNÈL OBLIGATWA  
POU TIMOUN KI GEN 3 AK 4 LANE  
41 LEKÒL ELEMANTÈ  
17 LEKÒL SEGONDÈ  
4 LEKÒL ESPESYALIZE



**37 954**  
ELÈV



## POPILASYON ELÈV YO PA POUSANTAJ




**829** DOUB ENSKRIPSYON KOU ELÈV NBOE YO KONPLETE PANDAN ANE 2021-2022 YO

**143** DOUB ENSKRIPSYON OGMANTASYON ELÈV 2020-2022 (20.8% OGMANTASYON)

**2 160** TOTAL 2022 KANTITE ELÈV NBOE KI GRADYE (85% POUSANTAJ ELÈV KI GRADYE)

**6 186**

ANPLWAYE  
ATAN PLEN



PWOFESÈ: **3 204**

ÈD: **472**

SIPÒ PEDAGOJIK: **484**

ADMINISTRATÈ LEKÒL LA: **357**

ANPLWAYE KI PA ANPLWAYE PEDAGOJIK: **1 669**  
(Biwo Santral / Etablisman)



**1 169**

ANPLWAYE KI GEN  
DIPLOM MASTÈ

**81.04%**

MANJE MIDI GRATIS AK  
MANJE MIDI APRI REDUI



**PWOGRAM ESPESYAL**

**24.23%**  
BILENG/ESL

**17.15%**  
EDIKASYON ESPESYAL



**TRANSPÒ**

**693**

**BIS**

(520 NAN DISTRI A AK 173 ANDEYÒ  
DISTRI A ( AK 7 NAVÈT

**3 042**

ELÈV LEKÒL SEGONDÈ NNBOE  
KI ELIJIB POU KAT BIS CHAK  
MWA NJ TRANSIT LA

**4 341**

ELÈV YO TRANSPÒTE CHAK  
JOU

**11 275**

ELÈV NEWARK KI ELIJIB POU  
TIKÈ BIS NJ TRANSIT YO



# OGMANTASYON ENSKRIPSYON

PANDAN LETA KONTWOLE PI GWO DISTRI LEKÒL NEW JERSEY A, ENSKRIPSYON AN TE DIMINYE A 35,000 ELÈV, YON NIVO KI ISTORIKMAN BA. KOUNYA NAN TWAZYÈM ANE KONTWÒL LOKAL LI A, DISTRI A TE ANONSE, AVÈK FYÈTE, KE ENSKRIPSYON AN TE OGMANTE A PRÈSKE 38, 000 ELÈV EPI LI KONTINYE AP OGMANTE.



Bousdetid yo Atribye bay Pwomosyon 2021 an

**\$33 MILYON**



Bousdetid yo Atribye bay Pwomosyon 2022 an

**77\$ MILYON**



PWOMOSYON 2021  
**\$3,589,087**

PWOMOSYON 2022  
**12,746,070\$**

Montan Total Paran yo te Ekonomize gras ak Elèv K Ap Pran Kou Inivèsite Pandan Yo nan Lekòl Segondè

# PREZANS

NAN EGZAMINEN PREZANS NAN NIVO DISTRI A DEFASON KONTINI, TANDANS TWA LANE PREZANS KOTIDYEN MWAYÈN (ADA) TE FINI PANDAN ANE 2021/2022 A A 92.6%

# POUSANTAJ ELÈV KI GRADYE

PANDAN DIS (10) ANE KI SOT PASE YO, POUSANTAJ ELÈV KI GRADYE A TE OGMANTE NAN PI WO NIVO LI KI SE 85% PANDAN ANE LEKÒL 2021-2022 A.



PWOMOSYON  
2021




PWOMOSYON  
2022

Elèv te Dekwoche Diplòm Asosye


# REVISIT ELEV

**Nouvèl Etazini ak Rapò Mondyal 2022  
Lis "Meyè Lekòl Segondè ki genyen  
nan NJ" !**




**#27**

Sciencia Park High School



**#38**

Technology High School



**BEST  
HIGH SCHOOLS  
USNews  
RANKINGS**



**PACE** Prudential Actuarial Career Exploration

## Nou di Gayan yo Felisitasyon!



**Achunike Okafor**  
Science Park High School  
Gayan Premye Plas




**Santiago Mosquera**  
Barringer High School  
Gayan Dezyèm Plas



**Achunike Okafor**  
Weequahic High School  
Gayan Dezyèm Plas


## Pri Gouènè NJ a nan Edikasyon



**Azyah Fair:** Nivo freshman, Newarl School of Global Studies (te patisipe tou nan reyalizasyon pwogram VPA pandan Ete ki sot pase a pou Annie)

**Kategori ak Tit Pri a:** Teyat, Pwomès Ekspesyonèl nan domèn Art Dramatik

**Òganizasyon K Ap Bay Pri a:** NJPAC



*Felisitasyon  
Crystal Caldwell  
Etidyan Gates*



# LIG KATOLIK NASYONAL KRIMINALISTIK GRAN TOUNWA NASYONAL



Kahyel Eaton, elèv nivo Senior nan Ekip Diskou ak Deba Central High School la te premye elèv Newark ki te rive nan final nan tounwa nasyonal la.

Sou 285 konkiran, Kahyel te fini 5yèm Chanpyon Nasyonal nan Entèpretasyon Oral nan Pwoz ak Pwezi.



Glory Okonkwo, elèv nivo Senior, Central High School

**Kategori ak Tit Pri a:** Chanpyon Eta nan Diskou, Entèpretasyon Dramatik

**Òganizasyon K Ap Bay Pri a:** Lig Diskou ak Deba New Jersey



## n Atistik



**Amanda Andre**



**Bousdetid Konplè pou antre nan Kean University**



**Newark School of Data Science and Information Technology**  
**Ekip Robotik "Disjonktè"**




Genyen Pri Enspirasyon Rookie ak pri Rookie Seed ki Pi Elve a nan Springside Chestnut Hill Academy Aktivite Distri a Dimanch 20 Mas 2022

# REVISIT ELÈV

## ESPN ak Jezolempik Espesyal Chanpyon Nasyonal Inifye



**NJ Regional Day School**



**Nick Vales  
Premye Ekip Tout Eta a**



**For  
Mini**



**NSFD Se GAYAN: Kompetisyon Prentan Eta NJ FCCLA**



**Arts High  
Gwoup  
Afwo**



utbòl  
-Teren




CHANPYONA GWROUP 1 NJSIAA SANT JERSEY

Spencer Joyner



gh School  
Mizik Djaz  
-Latino



CHANPYONA SEKSYON GWROUP 1  
NJSIAA SANT JERSEY



2022 North II Gwoup 1  
Chanpyon Seksyon Eta a

# JOUNEN ELEV

NIVO SENIOR







# PRIYORITE

SISTÈM KI INIFYE EPI KI ALIYEN



**MEYÈ PRATIK  
FINANSYÈ**



**ANVIWÒNMAN  
LEKÒL LA**



**ETABLISMAN**



**SÈVIS  
RESOUZIMÈN**





# MEYÈ PRATIK FINANSYÈ





## **PREZANTASYON YON BIDJÈ KI ALIYEN EPI KI EKILIBRE**

Yo soumèt bidjè \$1.3 Milya Distri a chak ane atan e defason ekilibre. Bidjè a aliyen avèk plan estratejik ak priyorite Distri a, jan sa endike nan Direktiv Bidjetè yo bay Direktè yo ansanm ak Direktè Depatman yo pou elaborasyon bidjè a.

## **FÒMILÈ ELÈV KI MEZIRE**

Distri a elabore bidjè l la alèd de yon alokasyon fòmil pou elèv ki mezire ki pèmèt yo aplike divès mezi ak valè finansyè an fonksyon de gwoup elèv yo ak bezwen yo, epi li ankouraje distribisyon ekitab finansman an.

## **EKSELANS RAPÒ FINANSYÈ**

Distri a se manm Asosiyasyon Entènasyonal Responsab Biznis Lekòl yo (IASBO), epi li te rive ni dekwoche Sètifika Ekselans Finansyè a ni genyen Pri Bidjè Meritwa a. Pri sa yo lye dirèkteman ak Rapò Finansye Anyèl Global la (ACFR) ansanm ak bidjè a.

## MEYÈ PRATIK FINANSYÈ

Aplikasyon mizajou Finansyè Chak Trimès yo te pèmèt Distri a bay Konsèy la ansanm ak piblik la enfòmasyon finansyè ki ajou ansanm avèk rapò finansyè manyèl yo. Zouti sa founi yon apèsi sou sitiyasyon finansyè a epi li pèmèt nou fè pwojeksyon sou sitiyasyon finansyè distri a tout pandan ane a epi an preparasyon pou klotire ane fiskal la.

Distri a te gen kòm priyorite pou l favorize relasyon kolaborasyon ak sipò nan tout departman yo. Distri a te aplike divès estrateji ak aksyon defason entansyonèl pou asire meyè amonizasyon departman ak sistèm yo pou prensipal mande enstitisyonèl ak operasyonèl yo.

Pwosesis bidjetè se te egzanp kòman yo te kapab aplike yon manda obligatwa san difikilte lè tout departman yo te patisipe nan pwosesis planifikasyon an avan yo transfere yo bay lekòl yo ak lòt departman yo. Sondaj direktè yo te klèman demontre vrè kolaborasyon ki te genyen an.


Epitou, Rapò Chak Trimès Plan Estratejik la, ke yo soumèt chak twa mwa yo, te egzije pou departman yo kominike avèk youn lòt pou yo asire ke yo te respekte delè ak priyorite yo. Yo te egzaminen rapò yo epi yo te prezante yon rezime nan reyinyon Konsèy la te fè yo.






# Fon pou Soulajman nan Ka Ijans pou Ansèyman Elemantè ak Segondè


**Lwa CARES**



**ESSER II**



**Plan Sovtaj Ameriken**



Sous Finansman	Montan	Dat Likidasyon
Lwa CARES	20,676,760\$	Oktòb 2022
ESSER II	84,217,960\$	Oktòb 2023
Plan Sovtaj Ameriken	182,421,067\$	Oktòb 2024



# FON ESSER/ARP YO KONTRIBYE NAN GWO DEPANS YO KI FÈT NAN DISTRI A

Distri a pa t fè gwo choz pandan Ane Lekòl 2021 an, lè yo te soumèt aplikasyon an pou fon ESSER/ARP yo, nan kantite travay ki t ap fèt. Si n konsidere plizyè milye sijesyon divès gwoup konstitif yo fè yo ak si n egzaminen kòman distri a repati sijesyon yo an divès sous bidjè/finansman defason entansyonèl (ESSER II, ARP, Sibvansyon Tit, Distri), te gen gwo pwogrè ki te fèt ki pèmèt Newark kapab reponn ak divès bezwen elèv yo. Lè yo t ap premye egzaminen sondaj yo, te gen kèk konstan ki vizib nan demann yo: Ansèyman ak Aprantisaj, Teknoloji, ak Etablisman. Apre redaksyon aplikasyon pou abòde twa domèn majè sa yo, te gen gwo pwojè ki te rive reyalize, kote yo tout konfòm ak "itilizasyon otorize" sibvansyon yo.

Nan domèn Ansèyman ak Aprantisaj, yo te rive ekri plizyè santèn dokiman ki gen rapò ak pwogram etid la, epi yo te rive achte plizyè manyèl pou sipòte pwogram etid la. Yo te asire fòmasyon pou pwofesè yo, inisyativ jewel, leson patikilye pou elèv yo (lematen, apre lekòl, nan lòt lè yo deziyen) ansanm ak yon nouvo aplikasyon pou estoke dosye medikal elèv yo. Epi tou, yo reponn ak bezwen sosyal ak emosyonèl defason terapetik ak nan domèn konseye lekòl ak travayè sosyal la, epi yo entwodui yo nan kou yo. Teknoloji a te eksploze nan distri a avèk yon plan sistematik pou asire Chromebook endividyèl, aksè ak entènèt pou elèv yo, ekipman ki adapte pou elèv ki bezwen yo, charyo chajman, kas, laptòp pou pèsonal ansèyman yo, tablo entèlijan san fil, ansanm ak mizajou nan kapasite elektrik. Etablisman yo te atake modènizasyon nan saldeben, fontèn san kontak, renovasyon nan djim, chofaj/vantilasyon lè, mizajou elektrik, ansanm avèk lòt pwojè ki pi piti ki pral abòde anviwònman salklas yo. Sekirite a gen yon sant kontwòl, li te mete an plas fòmasyon pou tout ajan sekirite yo, epi li te mete ekipman sekirite yo ajou.



# Amelyorasyon nan Lekòl la



# VERIZON LAB

HAWKINS STREET SCHOOL



## OUVÈTI NOUVO LEKÒL

Ouvèti nouvo lekòl yo esansyèl pandan gran vil Newark la kontinye ap devlope avèk konstriksyon lojman ki kontinye fèt nan tout vil la. Konsèy Edikasyon Newark la apresye ekspansyon sa e konfòmman ak Plan Etablisman Alontèm Distri a ansanm ak Plan Estratejik la, li pwojete kantite enskripsyon yo pou detèmine bezwen modènizasyon oswa nouvo etablisman pou pwogram akademik ansanm ak bezwen kominotè yo idantifye yo. Distri a te adopte yon nouvo apwòch avèk yon pwogram etid sib ki klèman atire fanmi nou deja genyen yo ak fiti fanmi yo. Men nouvo lekòl ki te louvri oswa relouvri yo: Sir Isaac Newton Elementary School (2020-2021), Newark School of Global Studies (2020-2021), Newark School of Fashion & Design (2021-2022), Newark School of Data Science & Information Technology (2021-2022), Michelle Obama Elementary School (2021-22), ak Ironbound Academy Elementary School (2022-2023).









# ETABLISMAN



Reyabilitasyon batiman yo se yon eleman esansyèl nan Plan Estratejik la. Distri a fè fas ak anpil difikilte avèk etablisman k ap pran laj yo, ki konte pami batiman ki pi ansyè yo nan eta New Jersey. Ekip etablisman yo te aksepte difikilte sa epi yo te modènize plis pase 500 espas ansèyman tankou salklas, sal Fòmasyon Pwofesyonèl ak Teknik (GTE), biwo, djim, oditoryòm, ansanm ak sant medya. Pami renovasyon yo, w ap jwenn, men yo pa sèlman se, enstalasyon sòl avèk seramik ki fèt ak vinil (VCT), ekleraj LED, tablo blan/an lyèj/entèlijan, rido fenèt, ansanm ak tablo salklas yo. Depatman an kontinye reyabilite batiman yo toupatou nan distri a pou asire ke tout elèv yo gen yon anviwònman aprantisaj ki akeyan ki pral ede yo enspire ak fòmè pwochen jenerasyon yo.





# Lakou rekreyasyon

YO ENSTALE SOTI 2018 RIVE 2023

MICHELLE OBAMA

DOKTÈ WILLIAM H. HORTON

FOURTEENTH AVENUE

FRANKLIN ELEMENTARY

RAFAEL HERNANDEZ

THIRTEEN AVENUE



# JIMNAZYÒM MIZAJOU

MALCOLM X SHABAZZ HIGH SCHOOL

WEEQUAHIC HIGH SCHOOL/EAGLE ACADEMY

NEWARK SCHOOL OF GLOBAL STUDIES HIGH SCHOOL

NEWARK VOCATIONAL HIGH SCHOOL

UNIVERSITY HIGH SCHOOL

SIR ISAAC NEWTON

MICHELLE OBAMA

JOHN F. KENNEDY

IRONBOUND ACADEMY

GEORGE WASHINGTON CARVER

NEWARK SCHOOL OF FASHION & DESIGN

BRANCH BROOK

DOKTÈ WILLIAM H. HORTON

NEWARK SCHOOL OF DATA SCIENCE & INFORMATION TECHNOLOGY

BARRINGER HIGH SCHOOL

AVON AVENUE

ANN STREET

AMERICAN HISTORY HIGH SCHOOL

WEST SIDE HIGH SCHOOL

# Media Ce

NEWARK SCHOOL OF GLOBAL STUDIES

NEWARK VOCATIONAL HIGH SCHOOL

MALCOLM X SHABAZZ HIGH SCHOOL

WEEQUAHIC HIGH SCHOOL

WILSON AVENUE

CHAK GRENN NAN LEKÒL SA YO TE

RESEVWA

NOUVO SÒL, EKLERAJ,

AK PENTI



# RANPLASMAN CHODYÈ E SISTÈM MEKANIK MIZAJOU

CHANCELLOR ANNEX  
LOUISE A. SPENCER  
ABINGTON AVENUE  
DOKTÈ MARION A. BOLDEN STUDENT  
CENTER  
DOKTÈ WILLIAM H. HORTON  
FRANKLIN ELEMENTARY  
FIRST AVENUE  
PARK ELEMENTARY  
RIDGE STREET  
LUIS MUNOZ MARIN



MCKINLEY  
EAST SIDE HIGH SCHOOL  
LAFAYETTE STREET  
NEWARK SCHOOL OF GLOBAL STUDIES HIGH SCHOOL

UNIVERSITY HIGH SCHOOL  
CHANCELLOR AVENUE  
SALOME URENA  
DOKTÈ E ALMA FLAGG



# SÈVIS REOUZIMÈN



## PIS APLIKASYON FRONTLINE

Pou n rann pwosesis rekritman ak anbochman pi rapid e pi efikas, Distri a te aplike Frontline (Applitrack) nan otòn 2020 an pou rekritman pou pòs anseyan ansanm ak pòs ki pa pòs anseyan pandan otòn 2021 an. Gras ak inisyativ sa a, yo te rasyonnalize pwosesis anbochman an epi yo te pèmèt kandida ki apwopriye yo koresponn oswa adapte ak lekòl yo.



Where Passion Meets Progress

# NBOE IS HIRING! JOIN OUR MOVEMENT



### Non-Instructional Positions

- Clerks
- Custodial Staff
- Food Service Workers
- IT Specialists
- Security Guards

**These positions will remain open until filled.**



## Apply Now

teach@nps.k12.nj.us  
teachnewark.com



## ESTRATEJI REKRITMAN KI AMELYORE

Pandemi mondyal COVID-19 la, ansanm ak gwo demisyon pwofesè yo nan peyi a te vrèman afekte Konsèy Edikasyon Newark la (NBOE). Disi fen ane lekòl 2021-2022 a, Distri a te gen plis pase 400 pòs vid. Sa plis ke double kantite pòs vid an mwayèn yo rapòte yo. Fas ak yon gwo dilèm konsa a, Distri a pa t gen lòt chwa ke travay!

Biwo Sèvis Resouzimen an (HRS) te aplike ni etrateji rekritman tradisyonèl ni etrateji ekipman inovan yo pa sèlman pou yo atire nouvo aplikan pou pòs pwofesè, men tou pou yo sipòte manm anplwaye aktyèl yo pou yo pa rive kite yon karyè ke yo renmen. Estrateji tradisyonèl yo te gen ladan yo men yo pa t sèlman gen ladan yo: yon nouvo salè kòmansman ki se \$62,000, yon bonis pou enskripsyon ki se \$4,000, yon bonis pou referans ki se \$1,000, ansanm ak yon kanpay pou retirete. Anplis tou, manm anplwaye aktyèl yo te resevwa yon bonis nan kad inisyativ salè konpetitif Distri a. Distri a te adopte yon apwòch entansyonèl e inovan pou l diminye sou mank pwofesè yo gras ak gwo investisman ki fèt nan pwogram "Grow Your Own" yo, tankou Chimen nan Ansèyman.

Se poutèt sa a, distri a te fòme plis pase 200 manm ki pa pèsònèl ansèyman ki aktyèlman ap travay nan distri a pou yo rive dekwoche sètifika ansèyman yo. Moun sa yo se te aplikan ki te gen yon diplòm lisans men ki pa t okipe yon pòs ansèyman (sa vle di, gadyen, ajan lyezon paran, grefye, ansanm ak pwofesè/ asistan per diem). Plizyè aplikan te gentan konplete pwogram yo a epi yo te rive jwenn pòs ansèyman atan plen. HRS te kolabore avèk Montclair State University ak Rutgers-Newark pou pèmèt yo rive akonpli tach sa ak pou l ede ranpli pòs ki vid yo nan domèn ki difisil pou jwenn anplwaye yo.



## ASIRE DEDOMAJMAN EKITAB

Nan mwa Mas 2022 a, Distri a te finalize yon akò travay 4 lane kote sendika a reprezante Ajan Polis Espesyal yo, kote yo te rive atenn ogmantasyon salè 3.1% an chak ane. Nan mwa Me 2022 a, Distri a te finalize yon akò travay 5 lane avèk seksyon Lokal 32 a, ki reprezante anplwaye biwo yo ak sipèvizè yo, kote batiman an te peye alokasyon pou konje yo (PTO) epi ogmantasyon dedomajman an te yon priorite. Ogmantasyon anyèl yo te atenn nan se te 3.23%. Nan mwa Jen 2022 a, Distri a te konkli yon akò re-ouvèti travay avèk Sendika Pwofesè Newark yo (NTU) kote yo ogmante salè yo a \$62,000 pou pwofesè salklas yo pandan premye ane jiska wuityèm ane epi yo ogmante salè pwofesè salklas yo a \$500 chak ane pa rapò ak wuityèm ane a pandan 2 pwochen ane yo. Nan mwa Jiyè 2022, Distri a te rive konkli negosiyasyon avèk Asosiyasyon Sipèvizè ak Administratè Vil la (CASA) sou yon kontra travay 6 lane afile ki te ogmante dedomajman pou administratè yo nan Distri a. Ogmantasyon mwayèn anyèl la te 3.2% pandan dire akò a.



**ANSEYE NEWARK!**

**62,000\$**  
NOUVO SALÈ KÒMANSMAN

Ale sou [TeachNewark.com](https://www.teachnewark.com)  
pou jwenn plis enfòmasyon

**REJWENN MOUVMAN NOU AN**



## TEACH NEWARK!

- Competitive Compensation Package
- \$4,000 signing bonus in critical areas
- Excellent Health Benefits
- Continuous Professional Development

**Bilingual Teacher**

**ESL Teacher**

**Science Teacher**

**Math Teacher**

**Special Education**



**JOIN OUR MOVEMENT**

[teach@nps.k12.nj.us](mailto:teach@nps.k12.nj.us)  
[teachnewark.com](https://www.teachnewark.com)



Where Passion Meets Progress



# PRIYORITE

YON KAD KI SOLID EPI KI APWOPRIYE POU  
PWOGRAM ETID LA AK ANSÈYMAN AN



**OPÒTINITE POU  
APRANTISAJ  
AKSELERE**



**PWOGRAM  
ETID LA AK  
PWOGRAM  
AKADEMIK YO**



**FÒMASYON  
PWOFESYONÈL  
AK TEKNIK**



**PWOGRAM  
PANDAN  
ETE**





# OPÒTINITE POU APRANTISAJ AKSELERE



# DOUB ENSKRIPSYON

Gras ak yon patenarya avèk Laboratwa Ekite Nasyonal la (National Equity Lab), Distri a te elaji opòtinite pou doub enskripsyon yo pou elèv yo epi kounya li ofri kou anliy pou elèv yo depi premye ane frehsman yo nan Ivy League, Fakilte/Inivèsite ki Jeneralman pou Moun Nwa yo (HBCU yo), ansanm ak lòt enstitisyon ki vrèman selektif yo, tankou Arizona State University, Cornell University, Howard University, Georgetown University, ak Princeton University, Andeyò de patenarya elaji sa a, se avèk fyète tou Distri a ap founi kou a doub enskripsyon yo nan Essex County College, Kean University, Montclair State University, NJIT, ak nan lòt fakilte ak inivèsite ki prestijye yo. Se avèk fyète Distri a ap anonse ke 2,402 elèv nan lekòl segondè te patisipe nan kou a doub enskripsyon yo pandan otòn 2022 a.

*Felisitasyon*

5

# LEKÒL SEGONDÈ KONPLÈ TE REPONN AK NÒM KANDIDATI POU AKREDITASYON YO



Yo te aksepte Barringer HS, Central HS, West Side HS, Weequahic HS, ak Malcolm X Shabazz HS kòm Kandida pou jwenn Akreditasyon nan men Komisyon Eta Santral sou Lekòl Elemantè ak Segondè yo (MSA-CESS). MSA-CESS se yon òganizasyon ki la depi 130 lane ki gen 2700 lekòl ki akredite nan 50 eta ak nan 100 peyi. Pwosesis akreditasyon an pral ankouraje amelyorasyon kontini nan lekòl yo ak nan distri a an jeneral.

*East Side akredite depi 2018 kote akreditasyon li ap ekspire nan mwa Me 2025 lan.*

# BAKALOREYA ENTÈNASYONAL AK PLASMAN AVANSE

Depi Ane Lekòl 2019-2020, Distri a te elaji aplikasyon pwogram Bakaloreya Entèn\_asyonal li a nan nivo lekòl la. Yo aplike li aktyèlman nan twa lekòl segondè: Science Park HS, East Side HS, University HS. Patisipasyon nan pwogram preparasyon pou fakilte yo pa egzanj evalyasyon Plasman Avanse (AP) yo te ogmante pandan menm peryòd sa a.


Kantite elèv ki enskri nan Kou AP yo



# DIPLÒM ASOSYE

Nan mwa Jen 2022 a, 149 elèv nan Bard Early College, East Side High School, ansanm ak elèv West Side High School te gradye kote yo te dekwoche diplòm lekòl segondè ansanm ak diplòm Asosye yo; sa ki reprezante yon ogmantasyon 23 elèv depi 2023.

Nan East Side ak West Side, elèv yo te jwenn 66 kredi epi yo te dekwoche yon Diplòm Asosye nan Art Liberal.





# Algebra

## Nan 8yèm ane

Plis elèv gen aksè a aljèb I pi bonè!

371

elèv 8yèm ane nan dizwit lekòl ki  
enskri nan yon kou Aljèb 1 pou ane  
eskolè 2022-2023 la.

Kounye a yo ofri Aljèb 1 pou elèv 8yèm ane nan

**ABINGTON AVENUE**

**ANN STREET**

**AVON AVENUE**

**DR. WILLIAM H. HORTON**

**FIRST AVENUE**

**FRANKLIN ELEMENTARY**

**GROVER CLEVELAND ELEMENTARY**

**HARRIET TUBMAN**

**HAWKINS STREET**

**IVY HILL**

**LAFAYETTE STREET**

**OLIVER STREET**

**PESHINE AVENUE**

**QUITMAN STREET**


**SOUTH STREET**

**THIRTEENTH AVENUE**

**SCIENCE PARK HIGH SCHOOL**

**UNIVERSITY HIGH SCHOOL**

Yo aplike yon kourikoulòm pre-aljèb pou klas 7yèm ane pou sipòte preparasyon elèv yo pou Aljèb I.



NBOE te kolabore avèk Johns Hopkins Center for Talented Youth pou elabore yon pwogram premye plan pou Elèv ki Douwe epi ki Gen Talan yo ki pèmèt elèv yo fè eksperyans ki anrichisan sou plan akademik, estimilan sou plan entèlektyèl, epi ki garanti sou plan sosyal.

Pwofesè yo te toujou ap travay avèk yon seri ekspè ki rekonèt onivo nasyonal pou ranfòse kapasite diferansyasyon, rezolisyon pwoblèm, ajisteman nan pwogram etid la, ansanm ak rigè nan ansèyman yo a.



**DIREKTÈ:**

Estrateji yo te pataje avèk pwofesè yo jiskaprezan yo ap louvri je yo sou lòt posiblite epi li pèmèt yo elaji kad panse yo pou yo rankontre tout elèv yo.

**PWOFESÈ:**

Atelye entèaktif yo ekstra-òdinè. Prezantatè yo prezante nou yon nouvo zouti epi yo pèmèt nou itilize li sou plas. Apre m fin patisipe nan atelye pou Elèv ki Douwe epi ki Gen Talan yo, kòmantè imedya, resous, ansanm ak eksperyans yo pral benefisyè ansèyman m lan, e menm tout elèv yo.



# PWOGRAM ETID LA AK PWOGRAM AKADEMIK





# Pwogram etid

Depi 2020, Biwo Ansèyman ak Aprantisaj la, an kolaborasyon avèk pwofesè, fòmateur, ansanm ak direktè departman yo, te redije plis pase 200 nouvo dokiman ki gen rapò ak pwogram etid la. Travay sa esansyèl pou kreye yon fondasyon solid ki pral pèmèt yo reyalize inovasyon, aprantisaj apwofondi, ansanm ak pwogrè akademik. Distri a pran angajman pou l elabore yon seri pwogram etid ki adapte sou plan kiltirèl ki entegre meyè pratik entansyonèl, entèvanasyon, ak evalyasyon yo. Gras ak konsèy ak sipò 13 biwo Ansèyman ak Aprantisaj yo, edikatè yo angaje yo nan devlopman pwofesyonèl ki apiye sou travay otantik elèv yo ak sou analiz done, sa ki asire angajman distri a pou l fè elèv yo tounen yon seri aprenan pandan tout vi yo ki byen plase pou yo fè siksè.




# d la TRAVAY




# Pwogram etid la TRAVAY

Nan tout domèn kontni yo ak tout nivo klas yo, elèv yo angaje yo nan yon seri pwogram etid entèdisiplinè ki baze sou pwojè ki apiye sou istwa, antesedan, idantite, ak eksperyans yo pou rann aprantisaj yo apwopriye e enpòtan. Nan klas K-5 yo, istwa ak edikasyon sivik pran vi gras ak inite ELA yo entegre yo ke yo te egzaminen an patenarya avèk Junius Williams, istoryen ofisyèl Newark e ansyen defansè Komite Kowòdinasyon Elèv ki Pa Vyolan yo (SNCC). Depi klas 6yèm rive 12yèm ane, yo entegre Pwogram Etid Amistad yo nan 68 nouvo inite syans sosyal ki baze sou rechèch kote elèv yo itilize sous primè ak sous segondè pou yo devlope yon konpreyansyon istorik ki apwofondi sou ras ak kontribisyon moun Nwa nan peyi Etazini. Elèv ki nan lekòl segondè yo kapab chwazi pami kou ochwa yo nan domèn Istwa Afwo-ameriken ak Istwa Latino-Ameriken/Karayibeyen. An 2022, Distri a te ajoute kou Mitoloji Grèk, Fòklò Afriken ak Endijèn, Lejann Iben, ansanm ak etid woman nan pwogram etid ELA pou klas 3yèm rive 5yèm ane Distri a.







20<sup>th</sup> Anniversary Edition

# All the Colors We Are


The Story of How We Get Our Skin Color

## Todos los colores de nuestra piel

La historia de por qué tenemos diferentes colores de piel

Written by  
Kofie Kissinger

Photographs by  
Chris Bohnhoff



# EKSPERYANS PWOLONJE NAN SALKLAS

Elèv nan tout nivo klas yo patisipe nan eksperyans reyèl kalite siperyè ki anplifye aprantisaj yo nan salklas la.

KAZÈN PONPYE LOKAL



PRE-K

WHIGHTMAN'S FARMS





KLAS 1YE ANE

ATÈNÈL

CRANE HOUSE



KLAS 2YÈ ANE

YOGI BERRA STADIUM



KLAS 3YÈM ANE

KLAS 4YÈM ANE

ALSTEDE FARMS



BIBLIYOTÈK PIBLIK NEWARK





MIZE NEWARK



KLAS 5YÈM ANE

NEW JERSEY PERFORMING ARTS CENTER



KLAS 7YÈM ANE

KLAS 9YÈM ANE

WATERLOO VILLAGE



KLAS 6YÈM ANE

PAK ZOOLOJIK BRONX



KLAS 8YÈM ANE



GROUNDS FOR SCULPTURE



NEW JERSEY PERFORMING ARTS CENTER



ÈM ANE

KLAS 11YÈM ANE

KLAS 10YÈM ANE

KLAS 12YÈM ANE

GRAMMY MUSEUM



MIZE NASYONAL POU ISTWA AK KILTI AFWO-AMERIKEN




*Annal Travay!*





# FÒMASYON PWOFFESYONÈL AK TEKNIK



# CTE DUAL ENROLLMENT

Opòtinite CTE yo ede elèv yo akèri konesans, konpetans, ak fòmasyon ki nesèsè pou yo reyisi nan fiti karyè yo. Tout elèv CTE yo benefisye kredi apre etid segondè yo ki gen rapòak Akademi CTE a, yon Diplòm Endistriyèl Ministè Travay la apwouve, oswa patisipasyon yo nan yon Pwogram Aprantisaj ki endike. Enskripsyon elèv CTE yo nan kou apre etid segondè yo kontinye ap ogmante!

# LEKÒL SEGONDÈ *Rekonsepsyon*

Rekonsepsyon Lekòl Segondè Distri a se yon etrateji ki gen 3 pati ki enplike Pwogram Akademi yo ki nan Lekòl Segondè Konplè yo pandan li kolabore avèk lekòl magnet yo nan distri a, etablisman ansèyman siperyè yo, ansanm ak òganizasyon pwofesyonèl yo. Apwòch sa ogmante entegrasyon ansèyman akademik debaz la nan pwogram etid pou Fòmasyon Pwofesyonèl ak Teknik (CTE) yo, epi li bay elèv yo opòtinite pou edikasyon siperyè ak estaj.





# PWOGRAM AKADEMIK CTE YO PANDAN ANE YO

Ane Lekòl	2019 - 2020	2020 - 2021	2021 - 2022	2022 - 2023
<b>Total Pwogram Akademik</b>	<b>15</b>	<b>19</b>	<b>25</b>	<b>26</b>
<b>Nouvo Pwogram Akademik</b>	Sante Alye Syans Biyo-medikal Chapant Sinematografi Rezo Enfòmatis ak Sibè-sekirite Kosmetoloji Art Kilinè Jeni Etid Antreprenarya Konsepsyon Grafik Otelri e Touris Etid dwa Teknoloji Mizik jesyon Chèn Apwovizyonman Fòmasyon pou Pwofesè	Syans Enfòmatis Sibè-sekirite JROTC Jeni Fabrikasyon	Etid dantè Syans done Diplomasi Modèl ak Konsepsyon Komès Mondyal Teknoloji Enfòmasyon	Etid Anviwònmanal





## EKSPERYANS CTE

Elèv CTE yo angaje yo nan eksperyans pwolonje ki apwofondi konesans yo sou karyè ansanm ak egzijans edikatif ki asosye yo. Vizit nan fakilte ak inivèsite yo se eksperyans esansyèl ki ede elèv yo lye fason edikasyon siperyè a gen rapò ak Pwogram Akademik yo a. Vizit nan sit travay yo bay elèv yon vizyon kritik nan divès kalite anviwònman travay ki gen rapò ak Pwogram Akademik. Patisipasyon elèv Pwogram Akademik lan nan Òganizasyon Elèv CTE yo (CTSO yo) se yon eleman esansyèl nan eksperyans pwogram CTE a. CTSO yo founi pwogram etid ak resous pou salklas pou tout elèv CTE yo kapab angaje yo nan difikilte ki adapte ak endistri yo ki enteresan pou elèv yo. Yo aprann konpetans lidèchip epi yo kapab travay an rezo avèk elèv yo ansanm ak lòt pwofesyonèl yo toupatou nan Eta a. Pandan sezon Ete a, elèv yo anrichi aprantisaj yo pandan y ap patisipe nan Pwogram CTE pandan Ete yo, tankou estaj, aprantisaj, ansanm ak kou apre etid segondè a doub enskripsyon.



# **PWOGRAM PANDAN ETE YO**



# Pwogram

PANDAN ETE YO



Pwogram pandan Ete yo nan Distri a founi divès kalite opòtinite akademik ak opòtinite pou anrichisman pou plis pase 10,000 elèv, soti nan aprenan ki pi jèn yo nan Distri a k ap antre nan klas Matènèl, jiska elèv k ap monte nan nivo senior nan lekòl segondè yo. Nan etablisman elemantè yo, elèv yo patisipe nan pwogram akademik lematen ak nan aktivite anrichisman lezapremidi, kote se Biwo Tan Aprantisaj Pwolonje a ki kowòdone yo, an kolaborasyon avèk plizyè patnè kominotè. Aprantisaj elèv yo pwolonje a pwonmnad nan chan nan Turtle Back Zoo, Liberty Science Center, Mize Newark la, ansanm ak lòt espas ki ekstra-òdinè yo! Anplis de aktivite anrichisman yo tankou dans ak natasyon, Distri a founi yon Pwogram Akademik STEM pandan Ete, Kan pandan Ete pou Teknoloji Edikatif nan Newark (NETS), Pwogram Akademik pou Art Vizyèl ak Art Pèfòmans pandan Eta a, ansanm ak plis toujou. Lè pwogram pandan ete yo fini, chak lekòl ap òganize yon Prezantasyon ki prezante travay enkwayab ki te sisite angajman elèv yo, epi y ap òganize yon Jounen Divètisman pou elèv yo ak anplwaye yo.







**Newark**  
Board of Education  
Roger León, Superintendent

Pandan ete sa a, ou pral li yon seri liv ki pale de divès kalite istwa. Ou pral antre nan lavi diferan moun, kominote, ak kilti ki ka petèt vrèman similè oswa diferan ak pa w. Liv se yon kado ki rakonte divès kalite istwa.

Ou pral divès liv ki pale de fanmi, apatenans, zanmitay, kominote, enpati, ak plis toujou. Ou pral aprann de lòt moun ak plis de pwòp tèt ou nan paj ki konstitiyè yon paj.



# PWOGRAM










## LIS LEKTI



## LIV KI RAKONTE YON PAKÈT ISTWA

Chak ete, elèv yo jwenn yon opòtinite enkwayab pou yo li liv ki reflekte pwòp tèt yo epi ki prezante pèspektiv ki pèmèt wè lòt mond yo! Lektè yo anbake nan yon vwayaj literè pou yo rankontre moun, kominote, ansanm ak kilti ki ka petèt vrèman similè oswa diferan de pa w. Elèv yo jwenn divès liv ki pale de fanmi, apatenans, zanmitay, kominote, enpati, ak plis toujou.





**KLIKE SOU LYEN KI ANBA YO  
POU W KAPAB JWENN TOUT LIS LEKTI YO**

**ETE 2021**

**ETE 2022**



# PRIYORITE

YON KILTI KI BAZE SOU PWEN FÒ EPI KI REYAKTIF



**SIPÒ POU  
ELÈV AK  
FANMI**



**KILTI AK  
KLIMA**





# SIPÒ POU ELÈV AK FANMI





# MENTOR NEWARK



Konsèy Edikasyon Newark la te kolabore avèk Mentor Newark nan objektif pou kreye yon seri pwogram mantora nan lekòl pou klas 9yèm rive 12yèm ane pou sipòte ak mentni yon kilti ak klima lekòl ki pozitif nan lekòl la ak nan kominote a. Depi lè yo te lanse inisyativ la, gen sèt lekòl segondè ki te lanse yon seri pwogram mantora ki gen ladan yo tou patenarya mantora avèk òganizasyon ak biznis lokal yo. Pandan ane lekòl 2022-2023 a, gen 5 lekòl segondè anplis ki aktyèlman ap elabore ak lanse yon divès pwogram.



# FAFSA



Konsèy Edikasyon Newark la te revize Egzijans pou Gradyasyon nan Lekòl Segondè li yo, ki anvigè depi sou Pwomosyon 2022 a, pou enkli egzijans pou konplete aplikasyon **FAFSA/NJAFSA** a. Biwo Lavi Elèv yo te elabore yon sistèm sipò **FAFSA/NJAFSA** ki konplè pou paran, elèv, ansanm ak aksyonè lekòl yo. Yo te òganize yon seri reyinyon nan lasware ki gen twa pati toupatou nan Distri a pou paran yo ak elèv yo an kolaborasyon avèk Biwo Èd Finansyè Rutgers University Newark la. Distri a te lanse tou yon defi pou kominote aprantisaj lekòl la avèk yon Chalennj FAFSA sou TikTok pandan yo kreye yon videyo pou sansibilizasyon sou enpòtans ki genyen nan ranpli FAFSA.







# PWOGRAM AVAN FAKILTE

Biwo Lavi Elèv yo mentni pwogram ak inisyativ avan fakilte yo defason aktif kòm yon oryantasyon kontini. Pami patnè yo, w ap jwenn NJIT GearUP/Trio, Talent Search ak pwogram Upward Bound yo, divès pwogram Rutgers Avan Fakilte, LEED, asanm ak Lig Iben. Resous yo fèt pou elèv ki nan klas 6yèm rive 12yèm ane epi yo ankouraje estrateji pou preparasyon pou fakilte ak karyè, mantora, ansanm ak estrateji pou pran egzamen. Distri a te òganize Ekspozisyon pou Preparasyon Fakilte ak Anrichisman nan prentan 2022 a, kote yo te prezante divès kalite pwogram ak opòtinite defason vityèl.



# Retou nan Lekòl

## AKTIVITE SAKADO NAN TOUT VIL LA

Pou demare ane lekòl 2020-2023 a, Biwo Pwogram ak Sibvansyon Federal yo te kolabore avèk Amerigroup pou yo kapab òganize yon aktivite pou re-ouvèti lekòl pou fanmi yo nan Mount Vernon Elementary School. Plis pase 1,500 patisipe te resevwa valiz liv, pwovizyon, liv, ansanm ak divès founiti eskolè.





Orè Resous McKinnley-Vento ak aktivite resous nan lajounen pou



Nan mwa Oktòb 2021 an, Biwo Lavi Elèv yo te lanse Orè Resous McKinney-Vento ki fèt pou founi sipò ak resous pou anplwaye lekòl ki la pou bay elèv yo sipò yo an kolabasyon avèk ajans lokal eksteryè ki bay popilasyon ki sanzabri epi ki deplase nan distri a sèvis. Epitou, depatman an te òganize yon Jounen Resous Familyal McKinney-Vento nan mwa Jen 2022 a an patenarya avèk Sant Resous pou Asistans Familyal la. Yo te bay rad, atik twalèt, ansanm ak ti atik menajè pou fanmi ki enskri epi ki elijib yo pandan evènman an.







# KILTI AK KLIMA







# PRATIK REPARATRIS

## Prevansyon ak Sansibilizasyon HIB

Biwo Lavi Elèv la te egzaminen ak rekilibre sistèm fòmasyon, koleksyon dokiman, ansanm ak responsablite pwogram ki obligatwa a pou rapòte Asèlman, Entimidasyon ak Brimad (HIB) epi li te pèmèt lekòl yo jwenn resous ansanm ak estrateji sou Pratik Reparatriis yo. Lekòl yo bay atik sou leson ak aktivite yo kote yo aplike yo nan lekòl yo nan kad pwogram ki obligatwa yo konfòmman ak Chat sou Dwa pou Lite Kont Entimidasyon sou Elèv yo.





# KILTI ak Klima



Youn nan eleman esansyèl nan Konsèy Edikasyon Newark la se founi ak mentni yon anviwònman lekòl ki pozitif, estimilan, epi ki solidè epi pou I bay aksyonè yo okazyon pou yo pataje kòmantè yo. Depi Prentan 2020. Distri a te pase elèv, paran, ansanm ak anplwaye yo yon sondaj anyèl sou kilti ak klima kote se pandan sezon Prentan an yo bay sondaj la pou ede ekip lidèchip lekòl yo planifye ak aplike plan estratejik lekòl yo, ak pou yo elabore pwogram gras ak Ekip Sipò nan Tout Lekòl la (SST). Plis pase 11,000 aksyonè te ranpli Sondaj sou Kilti ak Klima a lè yo te bay sondaj la pandan ane 2021-2022 a kote Konpetans Entèpèsònèl, Nòm ak Atant ki Elve, Konpòtman Akademik, ansanm ak Kontwòl Ansèyman ak Aprantisaj se te domèn yo rapòte ki te plis favorab.

*Ann al Travay!*



BIWO

# STUDENT LIFE Conference

AMELYORE ZOUTI EMOSYONÈL NOU POU N  
RANFÒSE TÈT NOU AK LÒT MOUN

Nan mwa Mas 2022 a, Biwo Lavi Elèv yo te òganize premye konferans pou devlopman pwofesyonèl li a nan Rutgers University-Paul Robeson Center. Plis pase 140 konseye lekòl, travayè sosyal, ansanm ak lòt anplwaye sipò yo nan lekòl la te patisipe nan plizyè atelye nan domèn ki vini annapre yo: SEL, Mantalite ki Baze sou Solisyon, Wuit Dimansyon Byennèt, Solisyon Fòmasyon Modèn, Yoga ak Medikaman pou Edikatè yo, Sipòte Abitid ki Pi Bon pou Sante ak Anviwònman Lekòl yo, Chanjman nan Pratik Divizyon Pwoteksyon Timoun ak Pèmanans lan (DCP&P), Idantite Transjan+Non-Binè 101, Brize Sik Vyolans yo, ansanm ak Rezolisyon Konfli atravè Padon, Rezistans, ak Maskilinite Toksik.







# PRIYORITE

APRANTISAJ KONTINI POU TOUT MOUN




**OPÒTINITE POU  
APRANTISAJ  
PWOFFESYONÈL**



**FILYÈ  
LIDÈCHIP**




**PARENT  
UNIVERSITY**



# OPÒTINITE POU APRANTISAJ PWOFESSIONÈL





**Board of Education**  
Roger León, Superintendent



# BIWO SÈVIS AKADEMIK YO





Biwo Sèvis Akademik yo (OAS) founi opòtinite pou aprantisaj pwofesyonèl pou pwofesè yo ak direktè lekòl yo pandan tout ane lekòl la. Pami eksperyans sa yo, w ap jwenn:

- Jounen devlopman pou anplwaye yo nan tout Distri a
- Atelye ki aliyen avèk pwogram etid la ke Biwo Ansèyman ak Aprantisaj la (T&L) la òganize
- Reyinyon Ekip Lidèchip Lekòl (SLT) ke Sipèrentandan Adjwenn an dirije pou Direktè yo,
- Vis-Direktè, ansanm ak Prezidan Depatman yo
- Kominote Aprantisaj Pwofesyonèl (PLC yo) ke ekip lidèchip ak pwofesè yo nan lekòl la fasilite yo, an kolaborasyon avèk T&L, Biwo Edikasyon Espesyal la ansanm ak Biwo pou Preparasyon Anfans lan.
- Fòmasyon Pwofesè yon seri Pwofesè Retrete ki gen estim fè
- pou Direktè premye ak dezyèm ane yo nan Distri a
- Konferans Lidèchip Anyèl pou Fanm



# KONSÈY LIDÈ SIPÈRENTANDAN AN

Yo te kreye Konsèy Lidè Sipèrentandan an nan lane 2020, kote gen youn pou elèv lekòl segondè yo, paran yo, ak pwofesè yo. Sipèrentandan an rankontre avèk Konsèy yo tout pandan ane a pou yo founi manm yo enfòmasyon ki enpòtan ak pou yo jwenn kòmantè ki enpòtan nan men yo pou eklere desizyon yo. Konsèy Lidedè Elèv yo konpoze de yon reprezantan elèv nan chak nivo klas nan chak lekòl segondè. Konsèy Lidè Paran yo konpoze de yon Ajan Lyezon Paran yo ak responsab asosiyasyon paran nan divès lekòl. Konsèy Lidè Pwofesè yo konpoze de reprezantan ki soti nan divès gwoup klas elemantè (PK-2, 3-5, and 6-8), ansanm ak reprezantan ki soti nan chak nivo klas nan lekòl segondè yo nan Distri a. Konsèy responsab lekòl ki pa fè pati NBOE yo gen ladan yo reprezantan lekòl endepandan (charter), prive, ak lekòl kongreganis ki gen diferan kapasite yo.



PATENARYA POU  
**APPRANTISAJ**  
PWOFOSYONÈL



NYU



KEAN



MONTCLAIR  
STATE



PWOGRAM	FAKILTE/INIVÈSITE
Montclair State University	Pwogram Fòmasyon Lidèchip Frè Eskolarite Bileng/Miltikiltirèl Frè Eskolarite pou Pwofesè Anglè kòm Dezyèm Lang (TESL) Pwogram Rezidans pou Pwofesè nan Milye Iben Pwogram Preparasyon Pwofesè Rezo Edikasyon Transfòmatis la (TEN) Frè Eskolarite pou Pwofesè Elèv ki gen Andikap yo (TOSO) Pwogram Sètifikasyon pou Espesyalis nan Domèn Lektè Oryantasyon ak Devlopman Pwofesyonèl pou Nouvo Pwofesè yo Pwogram Estaj Klinik
Rutgers University-Newark	Pwogram Bon Depa nan Rutgers (Preparasyon pou Egzamen DEBAZ Praxis) Kou pou Sètifikasyon Pwofesè pa Mwayen Altènatif nan Rutgers University Pwogram Estaj Klinik
Caldwell University	Pwogram Estaj Klinik
Grand Canyon University	Pwogram Estaj Klinik
Seton Hall University	Pwogram Estaj Klinik
New York University	Pwogram Estaj Klinik
Rowan University	Pwogram Estaj Klinik
Fairleigh Dickinson University	Pwogram Estaj Klinik
Kean University	Pwogram Estaj Klinik



# MWEN KWÈ NAN



## / SIBVANSYON PLC MWEN YO

Pwofesè yo esansyèl nan reyisit elèv Newark yo. Gras ak finansman ESSER II ak ARP la, distri a te bay pwofesè yo okazyon pou yo aplike pou finansman nan kad de (2) inisyativ pou sibvansyon. Gras ak sibvansyon Mwen Kwè nan Ou a (I Believe in You), pwofesè yo kapab aplike pou jiska \$1,000 pou yo demontre kòman y ap ede elèv yo aprann pwodui refleksyon kritik ak rezoud pwoblèm. Sibvansyon Mwen Kwè nan Kominote Aprantisaj Pwofesyonèl mwen (PLC) founi pwofesè yo, ki gen yon vizyon laj sou sa ki rele ansèyman ak aprantisaj la, resous ki nesesè yo pou yo pouswiv eksperyans aprantisaj pwofesyonèl yo fè pou kont yo a. Pwofesè yo aplike epi yo itilize finansman an pou amelyore aprantisaj elèv pa yo.







# FILYÈ LIDÈCHIP

# filyè

## LIDÈCHIP

Sou baz prensip ke direktè se levye prensipal pou chanjman an, distri a te rejwenn yon Kominote Aprantisaj pou Filyè pou Direktè (PPLC) ke Wallace Foundation esponsorize. Filyè a se yon estrateji pou sipòte tout responsab ansèyman yo ak pou pwodui fliks kandida ki feزاب ki gen kapasite pou kiltive amelyorasyon nan lekòl la ak ogmante reyisit elèv yo. An patenarya avèk Montclair State University, aspiran pwofesè yo ansanm ak fiti pwofesè patisipe nan Pwogram Mastè nan Lidèchip Newark/MSU a kote distri a te kapab bay tout aplikan ki elijib yo yon sibvansyon \$5,000 pou ede yo kouvri frè eskolarite yo a. Depi Otòn 2020 an, trann senk anplwaye te rejwenn pwogram Asipran Lidè yo epi plis pase swasann kenx anplwaye te rejwenn pwogram Fiti Lidè yo.

Wallace 





# KOWALISYON NÈG NWA K AP MONTE AK KOWALISYON NÈG KI LATINO K AP MONTE



Kowalisyon Nèg Nwa K Ap Monte a (BMRC) ansanm ak Kowalisyon Nèg Latino K Ap Monte a (LMRC) se alyans pou yon aksyon ki konbine pou sipòte edikatè gason ki gen koulè yo antanke kandida pou pwochen pòs lidèchip nan distri a. Alyans lan sa vize kreye yon kominote aprantisaj pwofesyonèl ki pral oiuni edikatè gason ki gen koulè yo nan distri a espas pou yo chèche konsèy, travay an rezo, angaje yo nan aktivite responsabilizasyon gason, ak pou yo benefisyè yon kwasans ak devlopman pèsone ak pwofesyonèl. Yo te lanse Kowalisyon pou Nèg Nwa K Ap Monte a (BMRC) nan Prentan 2021 epi yo te lanse Kowalisyon pou Nèg ki Latino K Ap Monte a (LMRC) nan Otòn 2021.



BMRC ak LMRC te mete tèt yo ansanm pou yo rive akonpli objektif sa yo genyen an komen an nan Prentan 2022 a. Yo te rekonèt fizyon sa nan Evènman Lansman BMRC ak LMRC a ki te fèt nan mwa Mas 2022 a. Pandan evènman sa a, Fondasyon Panasonic te akòde yon sibvansyon \$25,000 pou ankouraje misyon distri a pou l fòme edikatè gason ki gen koulè yo. Nan mwa Oktòb 2022 a, yo te prezante patisipan BMRC ak LMRC yo yon seri lidèchip ki fèt pou ede gason yo devni meyè edikatè pandan y ap konsantre sou enpòtans sansibilizasyon kiltirèl, pandan y ap itilize zouti ak estrateji pou yo reyisi jere ekilib ant travay ak lavi a, ak pandan y ap rekonèt prejije pèsone yo.



# PARENT UNIVERSITY





Pandan otòn 2021 an, Distri a te lanse Parent University ki entegre yon seri sijè ak atelye ki fèt pou angaje ak sipòte fanmi yo. Menm jan ak pwogramasyon yon inivèsite tradisyonèl, Parent University fèt pou l pwolonje opòtinite yo pou paran yo ansanm ak moun k ap bay swen yo kapab patisipe nan eksperyans aprantisaj ki enpòtan e pwolonje sou yon seri sijè kèlkonk. Yo fè yon seri seyans gratis ki adapte ak ritm aprantisaj chak moun sou divès sijè ki apwopriye tankou FAFSA, alimantasyon ki bon pou sante, ak fason pou afwonte advèsite. Atelye yo vize pèmèt yo paran yo vin pi byen ekipe pou yo kapab sipòte aprantisaj pitit yo.

Anplis de Parent University, chak ane distri a òganize yon Konferans Paran Tit I, ki founi yon jounen aprantisaj pou fanmi yo kapab akere konesans, konekte avèk lòt fanmi, ak aprann sous divès resous kominotè enpòtan ki disponib. Pwogram aprantisaj entansyonèl sa yo nan tout sistèm lan asire angajman kontini paran ak fanmi ki sipòte reyisit elèv yo.









# PRIYORITE

SISTÈM SIPÒ KI ENTEGRE



# ENTÈVANSYON NAN TOUT DISTRI A



# SIPÒ POU TRANZISYON





# ENTÈVANSYON NAN TOUT DISTRI A



## SISTÈM SIPÒ NAN TOUT LEKÒL LA


Pandan ane lekòl 2021-2022 a, Distri a te lanse yon pwogram fòmasyon entansif ki dire yon lane pou tout Ekip Sipò yo nan Tout Lekòl la (SST yo). Fòmasyon an te vize konstwi yon eko-sistèm sipò ki te etabli estrikti, pwotokòl, ansanm ak pwosedi pou sipòte elèv yo. SST yo itilize sipò Nivo 1 an pou yo abòde, defason pwo-aktif, sipò nan salklas ak sipò nan tout lekòl la pou kreye yon seri anviwònman ki previzib, pwodiktif epi ki pwotektè. 100% lekòl yo te swiv fòmasyon sou fason pou yo itilize SST yo defason sistematik pou yo kapab reponn ak bezwen milti-dimansyonèl elèv yo ansanm ak anplwaye yo.





# RethinkEdSEL


Distri a ap rann Aprantisaj Sosyal ak Emosyonèl la (SEL) yon konpozan aprantisaj sistematik pou byennèt elèv yo ansanm ak reyisit akademik yo se priyorite egal nan Distri a. Yo te elabore yon dimansyon ak sekans nan tout distri a epi yo te prezante l bay pwofesè yo nan pwòp kominote aprantisaj pwofesyonèl yo (PLC yo) pou ankouraje yo aplike SEL la nan tout etablisman an. Ekip Sipò Elèv yo ansanm ak Ekip Lidèchip Lekòl yo resevwa fòmasyon sou RethinkEd ak sou Sante Mantal pou yo kapab kiltive yon kilti ak klima ki anbrase epi ki entegre SEL nan tout pwogram akademik yo pandan jounen lekòl la epi pou yo kreye yon seri salklas ki san danje epi ki byenveyan.




# KILTI LEKÒL LA AK BYENNÈT ELÈV YO

Pandan Ane Lekòl 2021-2022 a, 8,222 elèv nan lekòl elemantè ak lekòl segondè toupatou nan Distri a te pase Sondaj sou Kilti ak Klima ki te fèt pandan Prentan an. 63% nan patisipan yo te nan klas 3yèm rive klas 9yèm ane. Yo te analize done yo kolekte nan sondaj la epi yo te pataje yo avèk responsab yo nan distri a ak nan lekòl la pou enfòme alafwa pwogram yo nan distri a ak nan tout lekòl la.


## Domèn ki Plis Favorab yo




Konpetans Entèpèsyonèl ak Akseptasyon




Nòm ki Elve ak Atant




Konpòtman Akademik Pwodiktif




Anviwònman nan Salklas Ki Klè epi ki Sible




Kreyativite \*




Mantalite Kwasans



Fiti Oryantasyon



Apatenans ak Idantite








Konsantrasyon ki Klè epi ki Pataje

Domèn

\*Objè avèk yo





## Ki Favorize Amwatye



# ANE LEKÒL 2021-2021 SONDAJ SOU KILTI AK KLIMA LEKÒL LA

## Domèn ki Pa Tèlman Favorize yo



nan sèl grenn kesyon nan domèn nan



# FÒMASYON POU EKIPE AK RANFÒSE ASISTANS ESPESYALIZE

Distri a te diferansye seyans devlopman pwofesyonèl li yo pou li kapab ekipe travayè sosyal ak konseye yo nan lekòl la pou yo kapab reponn ak yon pakèt bezwen elèv: akademik, konpòtmantal, sosyal emosyonèl, ak byennèt mantal. Fòmasyon yo te baze sou Konsèy ki Santre sou Solisyon, reyaksyon kont kriz, konsèy ki santre twomatis, prevansyon kont swisid, ak pratik reparatris.

Ekip reyaksyon kont kriz Distri a te elaji a ventenyen manm pandan ane 2022-2023 a. Fòmasyon nan terapi koyitif konpòtmantal ki santre sou twomatis la ke ekip entèvansyon kont kriz a te resewa yo founi estrateji ak konpetans ki nesèsè pou founi anplwaye yo ak elèv yo yon siko-edikasyon, konpetans parantal sou kòman pou yo obsève ak jere pèt, ak pou ede yon elèv trete yon evènman twomatizan.



## KOWÒDINASYON ASISTANS ELÈV YO

Biwo Lavi Elèv yo te rekrute twa Kowòdonatè Asistans Elèv (SAC yo) nan lane 2022 pou asire ke elèv yo gen aksè ak yon ekip sipò nan tout distri a ki konpoze de yon seri espesyalis pou founi estrateji pou prevansyon ak entèvansyon prekòs pou lite kont konsomasyon ak abi nan sibstans. Travay yo konsantre sou etabli yon seri nouvo pwotokòl ki konfòm ak lwa NJ yo, reponn ak bezwen yo nan distri a, epi ki konsantre sou bay asistans espesyalize pou sansibilizasyon sou sibstans, kriz ki lye ak sibstans, ansanm ak sèvis pou prevansyon ak entèvansyon.



# SIPÒ POU TRANZISYON



CLASS OF 2023

COLLEGE FAIR

OCTOBER 20, 2022

CITIZENS

# De konsepsyon RIVE NAN Bèsò

Konsèy Edikasyon Newark la se sèl distri lekòl nan New Jersey k ap aplike yon pwogram novatè ki vize sipòte jèn fanmi yo pandan y ap devlope ak pouswiv karyè akademik yo. De Konsepsyon rive nan Bèsò de Nesans rive Laj 3 lane Biwo Preparasyon Anfans lan (OEC) se yon inisyativ ki sible epi ki sipòte fanmi ak elèv Newark ki ansent yo epi/oswa ki fèk paran yo. Inisyativ la vize diminye sou disparite yo nan domèn sante matènèl, ranfòse edikasyon paran ak timoun yo, epi pou l konsantre l sou ranfòse fanmi yo depi moman konsepsyon an. Pwogram gratis e konfidansyèl sa bay fanmi yo asistans nan domèn edikasyon, sante, ak byennèt jeneral. Kolaborasyon ki genyen ant lekòl, lopital, ansanm ak patnè kominotè yo esansyèl pou founi yon pwogram ki anglobe tout resous lokal ki disponib yo pou fanmi yo atan.





# 2021-2022

Pwogram Head Start Biwo pou Preparasyon Anfans lan itilize done yo pou I kapab detèmine bezwen timoun ki nan preskolè yo ansanm ak fanmi yo. Done Evalyasyon Pèsonèl Head Start Ane Lekòl 2021-2022 a ansanm ak analiz Rapò Enfòmasyon sou Pwogram (PIR) 2021-2022 te endike bezwen pou sipòte fanmi yo pou yo kapab asire timoun yo ajou, ni pou swen prevantif ansanm ak swen medikal prensipal, swen nan bouch, ansanm swen sante bouch.


## AKSÈ INIVÈSÈL E KONTINI NAN SWEN SANTE KI APWOPRIYE AK LAJ

Malgre fanmi yo gen aksè ak swen medikal ak swen dantè, se apèn plis pase 50% nan timoun yo ki te gen posiblite fè yon egzamen fizik ak yon egzamen dantè




## DETEKSYON PREKÒS, JESYON, AK TRETMAN ANDIKAP SANSORYÈL, DEVLOPMANTAL, SOSYAL EMOSYONÈL, ANDIKAP KONPÒTMANTAL.

Sou 4yèm Trimès la, 20% elèv te gen pwoblèm vizyon. *Vision to Learn* te bay elèv ki nan lokal Head Start yo linèt gratis.



## NITRISYON AK AKTIVITE FIZIK

Sou 4yèm Trimès la, te gen 26 pwoblèm sou obezite epi yo te bay 28% (73) nan paran sa yo fòmasyon sou nitrisyon. Nan tout pwogram nan, yo te fè yon atelye sou nitrisyon pou tout fanmi yo nan lang Anglè ak Panyòl. Fanmi yo te resevwa tou resous ki konsène aktivite fizik ak nitrisyon nan imèl yo resevwa chak semèn.



## JESYON AK TRETMAN OPRESYON

85% nan paran ki gen yon timoun ki gen opresyon te rive gen yon plan swen konplè epi yo te patisipe nan yon aktivite pou fòmasyon sou opresyon yo.



Amelyore byennèt ak kalite sante pou timoun yo ansanm ak fanmi yo pou timoun yo kapab pwospere nan Matènèl ak pi devan toujou.

# CHI MEN

## KI MENNEN NAN PRE-K

Premyè Dam New Jersey a, Tammy Murphy, te vizite Konsèy Edikasyon Newark la pandan Ete 2022 a, pandan distri a t ap òganize premye evènman "Chimen ki mennen nan Pre-K" li a nan Belmont Runyon Elementary School. Chimen ki Mennen nan Pre-K a se yon inisyativ anyèl pou Resous Kominote Head Start ki fèt pou prezante pwogram yo nan kominote a ak pou l mete aksan sou etap ki enpòtan yo soti nan konsepsyon rive nan Pre-K, ak pi devan toujou. Pakou a kòmanse avèk fanmi Head Start ak fanmi Pre-Matènèl yo k ap entèraji avèk lidè yo nan kominote a, divès depatman nan distri a, ansanm ak manm anplwaye ki enpòtan yo. Pami kèk etap ki fè pati Chimen An w ap jwenn posiblite pou rankontre avèk teknisyen ki bay sèvis sosyal yo, manm Newark Enrolls yo, Sèvis Sante yo, Sèvis Alimantè, epi w ap kapab patisipe nan anpil aktivite ki amizan e menm genyen pri.









## TRANZISYON NAN LEKÒL SEGONDÈ

Gid ak pwosesis Distri a pou elèv klas 8yèm ane k ap fè tranzisyon sot nan lekòl presegondè pou antre nan lekòl segondè yo te pwouve yo reyisi. Distri a ede elèv yo prepare yo pou lekòl segondè gras ak divès opòtinite aprantisaj akselere nan lekòl segondè yo ansanm ak opòtinite nan kanpis nan fakilte ak inivèsite lokal yo.

## TRANZISYON POU APRE LEKÒL SEGONDÈ



Distri a vize ogmante kantite granmoun aje ki pare ppu antre ak reyisi nan anviwònman edikasyon apre etid segondè pandan y ap kontribye nan kominote mondyal la. Yo òganize yon ekspozisyon chak ane nan fakilte pandan otòn ak prentan pou sipòte vizyon sa a. Fakilte/inivèsite yo kontinye founi admisyon sou plas pou granmoun aje yo nan ekspozisyon yo.

## TRANZISYON ESPESYALIZE ODELA DE SALKLAS LA



Elèv yo patisipe nan yon ansèyman espesyalize ki baze sou devlopman konpetans lavi ak anplwa. Sa rive fèt atravè eksperyans pwofesyonèl ansanm ak ansèyman kominotè nan magazen ki vann an detay ak òganizasyon lokal yo. Pwogram sa yo ede elèv yo simonte mi nan saklas yo epi pou yo angaje yo nan mond travay la.



# PRIYORITE

BONJAN PATERNARYA RESIPWÒK



# PATENARYA POU ART VIZYEL AK ART PÈFÒMANS



# PATENARYA ANT LEKÒL LA AK KOMINOTE A





# **PATERNYA POU ART VIZYÈL AK ART PÈFÒMANS**









# AILEY CAMP NEWARK


Konsèy Edikasyon Newark la kontinye paternarya li avèk AileyCamp, yon branch nan Art Dramatik sou Dans Ameriken Alvin Ailey nan kad Pwogram Edikasyon ak Pwogram Kominotè yo pou asire elèv ki nan klas mwayèn yo, ki nan laj 11-14 lane yo, gen yon pakèt opòtinite pou yo angaje yo, epapiye yo, ak pou yo grandi pandan ete a. AileyCamp se yon kan ete pandan lajounen kote pre-adolesans yo "enterese" danse, epi yo aprann respekte disiplin dans lan antanke aktivite fizik ki egzije konpetans atletik ki konparab ak konpetans nenpòt espò mande. Pwogram lan itilize pouvwa dans pou l anrichi ak fè enpak pozitif sou lavi elèv yo pandan ete a ki pwolonje an ane lekòl nòmal e plis toujou. AileyCamp fini avèk yon dènnye pèfòmans sou sèn nan New Jersey Performing Arts Center nan Victoria Theater.





# **PATENARYA ANT LEKÒL LA AK KOMINOTE A**







Depi lane 2019, gras ak entèvansyon administrasyon Distri a, kantite lekòl nan Newark k ap patisipe yo nan inisyativ Pwòp Bibliyotèk Pa M nan (MVOL) te ogmante a 100%. Gras ak inisyativ sa a, gen plizyè milye elèv ak fanmi ki te elaji bibliyotèk lakay yo apre jefò Distri a pou l ankouraje lanmou pou lekti lakay elèv elemantè yo.

MVOL se yon patenarya nan Distri a ki genyen ant University of Chicago ak United Way ki konsantre sou ogmante aksè ak liv ak resous aprantisaj yo nan Konpayi Edisyon Zèv Akademik lan (Scholastic Publishing Company) gratis ti cheri pou elèv yo oswa lekòl yo. Antanke yon pwogram konplè pratik, MVOL bay elèv yo okazyon pou yo chwazi pwòp liv yo epi li ede yo devlope plis lanmou pou lekti gras ak evènman sou alfabetizasyon pou fanmi, angajman kominotè, ansanm ak vizit otè. Chak lekòl gen yon Kowòdonatè MVOL ki sipòte travay sa a. Pandan ane 2022-2023 a, yo te rekrute Ajan Lyezon Paran yo pou ranfòse angajman paran an ak pou estimile patisipasyon nan evènman sou alfabetizasyon yo nan tout lekòl la. Gras ak Ekspozisyon Liv Akademik yo, lekòl yo kapab itilize Dola Akademik yo pou bibliyotè nan salklas yo, founiti eskolè, ansanm ak materyèl pou salklas yo.



Fondasyon Malcolm Jenkins nan te lanse Pwogram sou Alfabetizasyon Finansyè a ki fèt pou sansibilize elèv ki nan lekòl segondè yo ansanm ak fanmi yo sou Alfabetizasyon Finansyè ak pou planifye yon avni ki pwospè. Patenarya sa ap travay nan Newark School of Fashion and Design, Newark School of Date Science & Information Technology ansanm ak Newark School of Global Studies.

Angajman kat lane sa ki egal jiska \$40,000 pral sèvi mwayen entèvansyon Distri a pou l amelyore konsèp edikatif yo, aktivite pou elèv li yo, ak pou l pèmèt fanmi yo ak kominote yo devlope sou plan ekonomik. Objektif yo nan patenarya sa konfòm ak misyon Distri a pou l founi yon pwogram ansèyman ki solid sou plan akademik epi ki adapte ki sou plan kiltirèl ki prepare chak elèv pou reysisit, devlope konesans, ranfòse pèsonalite, kiltive kreyativite, epi ki ankouraje lidèchip.





# SIBVANSYON POU LEKÒL KISAN DANJE EPI KI SOLIDÈ



Inisyativ Newark pou Lekòl ki Solidè yo, ke yo atribye nan kad Sibvansyon Demonstrasyon Sèvis Sante Mantal Depatman Edikasyon Etazini an, fòme e plase pwofesyonèl ki bay sèvis sante mantal yo nan lekòl demonstrasyon yo. Depi lè yo te akòde sibvansyon sa nan mwa Desanm 2019 la, elèv ki soti nan divès lekòl te resevwa sèvis sante mantal gratis etidyan ki gradye nan Fairleigh Dickinson University yo bay yo.

Sibvansyon Newark pou Lekòl ki Solidè yo vize bay lekòl yo resous epi pou l ogmante kapasite yo pou yo kapab founi sèvis konsèy sou sante mantal. Finansman an te pèmèt tou yo kreye Sant Aprantisaj Terapetik yo ki sèvi yon anviwònman ki san danje, kalm, epi ki estimilan pou elèv ak anplwaye yo.

*An n al Travay!*



# PWOJÈ



Pwojè F.E.E.D. (Friends Ensuring Every Dinner) se yon inisyativ Power Changes Lives Inc. ki te kolabore avèk Distri a pou bay fanmi yo repa ki bon pou sante yo. Pandan Otòn 2021 an, Distri a te lanse patenarya avèk Pwojè F.E.E.D. la. Pandan ane lekòl 2021-2022 a, te gen 10 lekòl k ap patisipe kote yo chak resevwa 150 repa ki prepare yon fwa pa semèn nan yon restoran lokal nan Newark. 1ye Faz la te kòmanse nan mwa Septanm 2021 an epi li te fini nan mwa Janvyè 2022. Restoran yo ki nan kominote lokal la te konekte avèk Pwojè Feed pou yo kapab bay fanmi yo manje chak semèn. Yo te distribye yon total 30,000 repa bay fanmi yo.





A collage of food items including a whole orange, a bowl of food, and a spoon. The background is dark blue with some food debris.

**WEEQUAHIC**  
&  
**PWOJÈ F.E.E.D.**  
Zanmi Ki Asire Chak Dine  
(Friends Ensuring Every Dinner)  
**DISTRIBISYON**  
**REPA**  
*Chak Lendi apati*  
*2:00pm-3:30pm*  
P" T D»Y»/ANTRE " F»V WEEQUAHIC

**POU JWENN PLIS ENF" MASYON, KONTAKTE  
AJAN LYEZON PARAN AN  
MADAM DENOSE (973)705-3920/  
BDENOSE.NPS.K12.NJ.US.**







Mayo Espòtif Dirab pou Lekòl yo (Sustainable Jersey for Schools) se yon pwogram sètifikasyon pou lekòl piblik K-12 yo\_ Pwogram nan founi konsèy, sipò, ak rekonesans pou lekòl ki aplike etap pou yo dirab nan fonksyònman yo epi ki pwo-aktif nan prepare elèv yo pou difikilte yo pral afwonte yo alavni\_

Nan ane 2020 an, Distri a te resevwa sètifika Bwonz pou tout lekòl yo nan Distri a sa ki te lakoz yo vin onore Distri a avèk Pri Dirabilite Fè Sans 2020 an pou wòl lidè li jwe nan Eta a nan sa ki gen pou wè ak Dirabilite\_ Nan lane 2022, Distri a yon fwa ankò te resevwa Sètifika Bwonz\_ Twa lekòl (Salome, Urena, Thirteenth Avenue, ak First Avenue) te resevwa Sètifika Ajan

# PWOGRAM BOUS ONORIFIK MAJISTRA A

Pwogram Bous Majistra Newark la se yon pwogram bousdetid Biwo Majistra Newark la, Ras J. Baraka ansanm ak New Jersey Institute of Technology lanse. Yo te mete pwogram nan sou pye nan lane 2019 epi li sipòte elèv k ap viv nan Newark epi li reponn ak kondisyon elijiblite pou admisyon nan Dorman Honors College ki nan NJIT. Nan lane 2022, onz elèv te resevwa yon bousdetid lojman kat lane ki kouvri tout depans ki lye ak chanm nan kanpis la, anplis de bous merit Honors yo a. Yo rekonèt elèv yo pou reyalizasyon akademik yo ak sèvis yo bay. Pwogram Bous Majistra Newark la vize ankouraje fiti lidè yo nan Newark ak nasyon an pandan l ap ba yo distenksyon sa a.







**2020: AMANDA GROSSI, SUSSEX AVENUE SCHOOL**



**2021: DEJANEE MARTINEZ, BRUCE STREET SCHOOL POU M**



MOUN KI SOUD YO



2022: JESSICA CRUZ TAVARES, LAFAYETTE STREET SCHOOL

# VIZIT SEKRETÈ ADJWEN EDIKASYON AN



**Sekretè Adjwen Edikasyon peyi Etazini an, Cindy Marten, kontinye Toune "ARPStars" la kote li vizite NBOE Pandan Li Mete Aksan sou Meyè Pratik Retablisman apre Pandemi an**



Pandan vizit la, Sekretè Adjwen Edikasyon an, Cindy Marten, te rankontre avèk elèv yo ak edikatè yo nan Oliver Street School pou yo diskite sou meyè pratik ki gen pou wè ak retablisman apre pandemi an Li te vizite tou East Side High School epi li te angaje l avèk elèv ki patisipe nan pwogram Tifi Ki Fè Kodaj la, li te pale avèk pwofesè yo pou l diskite sou estrateji pou leson patikilye yo, epi li te antame yon diskisyon avèk lidè elèv yo ki nan pwogram doub enskripsyon Red Hawks Risiing Montclair State University a.













*Mesi!*

# REMÈSIMAN NAN RAPÒ 3YÈM ANE A

SIPÈRENTANDAN ROGER LEON

SIPÈRENTANDAN ADJWEN NICOLET. JOHNSON

MANTÒ EGZEKITIF ANZELLA K. NELMS

ASISTANS EGZEKITIF PAULA PERRONE

SIPÈVIZÈ SHAMERE WILLIAMS

DOKTÈ LAUREN WELLS, ESTRATEJI CREED


EION HAYNES, GRAFIS

BIWO SIPÈRENTANDAN AN

BIWO SIPÈRENTANDAN ADJWEN AN

BIWO ADMINISTRATÈ LEKÒL LA

BIWO SÈVIS AKADEMIK





**Newark**  
Board of Education  
Roger León, Superintendent  
Where Passion Meets Progress



---

KONEKTE AVÈK NOU SOU ENTÈNÈT LA

**[WWW.NPS.K12.NJ.US](http://WWW.NPS.K12.NJ.US)**

**DIS (10) PWOCHEN LANE K AP VINI YO: PLAN ESTRATEJIK 2020-2030**



Let's Talk!

---

Newark Board of Education  
765 Broad St.  
Newark, NJ 07102